

# Rezo pou ede moun peye kay nan Ded Konnti

## Housing Assistance Network of Dade (HAND)

Yon pwogram k ap ede moun ki bezwen kote pou yo rete nan Miyamided Konnti.

### Ki moun ki ka aplike pou mande kout men sa a?

1. Se moun oubyen fanmi ki nan lari kounye a (depi yo gen lèt referans ekip k ap chèche konnen ki moun ki bezwen èd oswa lèt referans pwogram pou moun ki pa gen kote pou yo rete) oubyen yo rete yon kote men yo san lè pèdi kote sa a (jan papyè degèpisman tribinal montre) epi yo pral bezwen èd pou peye lwaye pou yon ti bout tan oubyen yo ka bezwen èd pou peye kouran, dlo oswa gaz lakay yo yon fason pou anpeche yo pèdi kay yo, epi
2. Valè kòb tout moun nan kay la ap fè met ansanm, swa li a 50% oubyen li pi ba pase valè kòb moun nan zòn nan fè an mwayèn, sa depann de valè moun ki nan fanmi an:

Valè moun ki nan fanmi an:	1	2	3	4	5	6	7	8
Valè kòb yo pa dwe depase pou yo kalifye pou pwogram nan	23,600	26,950	30,350	33,700	36,400	39,100	41,800	44,500

### Ki kout men yon moun kab jwenn?

Yo kab ede moun peye lwaye, kouran, dlo ak gaz, bay yon depo garanti, èd legal ak konsèy sou afè kredi.

### Kouman pou w aplike pou pwogram sa a?

Telefòn 1-877-994-4357 pou jwenn kote ki pi pre w la. (Sèten kote ka pa gen fon disponib kounye a.)

### Men sou ki sa yo gade pou ede moun peye lwaye yo:

1. Si moun nan gen yon responsab kay nan yon apatman oubyen yon motèl kote moun gen dwa rete. Yon chanm anndan yon kay pa ladan. (Pwogram nan pa ede moun peye ipotèk sou kay yo). Fò moun ki responsab kay la se li ki mèt kay la. Ni òganizasyon "Citrus" ni Miyamided Konnti oubyen ajans k ap ede lokatè a pa dwe mèt kay la.
2. Apatman yo pa kab nan pwogram tankou: Koupon Lwaye Seksyon 8, Shelter Plus Care, Lojman Sosyal Leta, kay moun pa dwe lwe paske mèt kay la nan pwogram Affordable Housing (pwojè kredi pou taks, VASH, oubyen lòt pwogram èd leta nan zòn nan oswa leta federal. (Esepte, nouvo lokatè kapab antre nan yon kay ki nan pwogram kredi pou taks pou rann kay pi bon mache).
3. Lwaye a dwe a yon pri ki pa egzajere;
4. Fò lwaye a abòdab pou valè kòb moun nan kay la ap fè a oubyen pou valè kòb yo kapab fè;
5. Si moun k ap aplike a pral abite nan yon lòt kay, fò kote l pral abite a ann òd dapre règleman lwa federal ak règleman lokal yo, fò moun kab remake kondisyon sa yo nan kay la:
  - a. Fò lisans ki pèmèt moun abite nan kay la yon kote tout moun kab wè li, oubyen lisans pou fè biznis nan lokal la, oubyen tou rechèch sou konpitè pou asire tout bagay an règ nan kay la, epi
  - b. Fò tout enspeksyon nan kay la deja fin fèt.
  - c. Fò yo deja enspekte kay la pou wè si pa gen penti ki gen plon ladan si yon timoun ki gen mwens pase 6 an pral abite nan kay la.

### Dokiman yo mande fanmi an:

1. Prè ki montre fanmi an pa gen kote pou l rete (lèt ki sofi nan yon pwogram k ap chèche ede oubyen nan pwogram pou moun ki ret nan lari) oubyen prè ki montre fanmi an san lè nan lari (papyè tribinal ki mande yo bay kay kote yo rete a).
2. Si moun nan ap mande pou yo ede l peye kouran, dlo oswa gaz, fò l prezante yon bòdwo.
3. Souch chèk travay kòm prè pou montre valè kòb tout moun nan kay la ap fè.
4. Kopi chèk travay ak resi labank ki montre konbyen kòb moun nan fè ak valè byen li genyen nan dènye 30 jou ki sot pase yo.
5. Kopi kat didantite.
6. Kopi papyè fèm kay la ak non moun k ap aplike a ladan; papyè a dwe gen siyati lokatè a ak mèt kay la.
7. Fanmi an ap bezwen bay non tout moun ki abite nan kay la, epi yo dwe bay adrès mèt kay la ak nimewo telefòn li.

(Tanpri kontakte Kòdonatè "ADA" a nan 305-231-7667 si w bezwen èd espesyal. Si w ta vle pote plent oubyen di ou pa dakò ak yon desizyon, kontakte sipèvizè kote ou aplike a oubyen telefòn 305-231-7667).

### EQUAL HOUSING OPPORTUNITY



Revision Date: Jan. 29, 2010



HPRP PROGRAM HOMELESS TRUST